**दिन– बुधवार** **दिनांक–10.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे पछिला एगारह वर्ष मे भारतक रक्षा क्षेत्र मे उल्लेखनीय परिवर्तन भेल अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे प्रधानमंत्री कहलनि जे रक्षा उत्पादन मे आधुनिकीकरण आ आत्मनिर्भरता बढेबा पर ध्यान केन्द्रित कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे ई विशेष उत्साहित करैत अछि जे भारतक लोक देश के सुदृढ़ करबाक लेल साझा संकल्पक संग एकजुट भेल छथि।

---

सूक्ष्य, लघु आ मध्यम उद्यम मंत्री जीतनराम मांझी कहलनि अछि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के नेतृत्व मे हुनक मंत्रालय पछिला एगारह वर्ष मे पन्द्रह गुना बेसी वृद्धि कयलक अछि। पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री मांझी कहलनि जे वर्ष दू हजार अट्ठाईस धरि देश मे प्रधानमंत्री विश्वकर्मा योजना के अंतर्गत तीस लाख लोक सभ के रोजगार देल जायत। केन्द्रीय मंत्री कहलनि जे एमएसएमई के प्रोत्साहन देबाक आ वित्तीय सहायता प्रदान करबा सँ लगभग अट्ठाईस करोड़ लोकसभ के रोजगार उपलब्ध भेल अछि।

---

केन्द्रीय विधि आ न्याय मंत्री अर्जून राम मेघवाल कहलनि अछि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के नेतृत्व मे देश मे योजना सभक कार्यान्वय मे गति आयल अछि। श्री मेघवाल कहलनि जे प्रगति के माध्यम सँ योजना सभक लगातार निगरानी कऽ प्रधानमंत्री एक उदाहरण प्रस्तुत कयलनि अछि। यैह कारण अछि जे प्रधानमंत्री जाहि योजना के शिलान्यास करैत छथि ओकर उद्घाटन ओ स्वयं करैत छथि। केन्द्र मे मोदी सरकारक एगारह वर्ष पूरा हेबाक अवसर पर पटना मे ओ भाजपा कार्यालय मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप कऽ रहल छलाह।

---

प्रदेश मे पंचायती राज विभागक अंतर्गत आठ हजार तेरानवें पद सभ पर नियुक्ति होयत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक भेल बैसक मे एहि आशय के प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। बैसक के बाद कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ जनौलनि जे ई सभ पद निम्न वर्गीय लिपिक के होयत। डॉक्टर सिद्धार्थ जनौलनि जे कैबिनेट महिला सरकारी सेवक सभ के हुनक पदस्थापना स्थल के लगे आवास उपलब्ध करेबाक प्रस्ताव के सेहो मंजूरी प्रदान कयलक अछि। ओ जनौलनि जे प्रदेश मे प्रधानमंत्री जनजाति आदिवासी न्याय महाअभियानक अंतर्गत नओ जनजाति के प्रधानमंत्री आवास योजना, ग्रामीण के लाभ देल जायत। अपर मुख्य सचिव जनौलनि जे कैबिनेट कुल बाईस प्रस्ताव के मंजूरी प्रदान कयलक अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे प्रधानमंत्री जनजाति आदिवासी न्याय महाअभियानक अंतर्गत दस जिला मे एक हजार तीन सय आठ जनजातीय परिवार सभ के पक्का मकान उपलब्ध कराओल जायत। उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे ग्रामीण विकास मंत्रालय बिहार के एहि योजना मे सम्मिलित कयलक अछि। ओ जनौलनि जे बांका, कैमूर, भागलपुर, गया, कटिहार, किशनगंज, मधेपुरा, नवादा, पूर्णियां आ सूपौल जिला मे विभिन्न जनजाति समुदायक परिवार के एहि योजना मे सम्मिलित कयल गेल अछि। श्री चौधरी जनौलनि जे चिन्हित परिवार सभ के दू लाख टाका के सहायता राशि चारि किस्त मे उपलब्ध कराओल जायत।

———————————————————————————

केन्द्रीय कृषि राज्यमंत्री रामनाथ ठाकुर कहलनि अछि जे विकसित कृषि संकल्प अभियानक मुख्य उद्देश्य किसान लोकनि के आधुनिक कृषि तकनीक सँ अवगत करायब अछि। आइ बक्सर मे किसान लोकनि सँ संवाद करैत श्री ठाकुर कहलनि जे एहि अभियानक अंतर्गत कृषि वैज्ञानिक दूर–दराज के गाम मे जाकर किसान लोकनि सँ संवाद करैत छथि आ हुनका आधुनिक कृषि तकनीक आ विभिन्न सरकारी योजना सभक जनतब दऽ रहल छथि।

———————————————————————————

स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय पटना के ऊर्जा स्टेडियम मे आयोजित एक कार्यक्रम मे छओ सय चौरानवे चिकित्सक लोकनि के नियुक्ति पत्र प्रदान कयलनि। श्री पांडेय नवनियुक्त

चिकित्सक लोकनि के शुभकामना दैत कहलनि जे आब शहर के संग–संग ग्रामीण क्षेत्र सभ मे सेहो लोकसभ के गुणवत्तापूर्ण चिकित्सा सेवा उपलब्ध होयत। ओ जनौलनि जे राज्य मे सात हजार चारि सय अड़सठि एएनएम के नियुक्ति कयल गेल अछि।

———————————————————————————

निगरानी जाँच ब्यूरो सीवानक लकड़ी नबीगंज प्रखंडक गोपालपुर पंचायत के राजस्व कर्मचारी गिरीश देव तिवारी के पैंतीस हजार टाका रिश्वत लैत रंगे हाथ गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार राजस्व कर्मी एक जमीनक सत्यापन के एवज मे शिकायतकर्ता सँ घूस लऽ रहल छलाह।

———————————————————————————

पूरा प्रदेश मे भीषण गर्मी पड़ि रहल छल। पछिला चौबीस घंटा मे बेसी ठामक तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस के बराबर रिकॉर्ड कयल गेल। बियालीस दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस उच्चतम तापमान के संग रोहतास जिलाक डेहरी सभ सँ गर्म स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि होयत। एकर बाद तापमान मे कमी हेबाक संभावना अछि।

———————————————————————————

अररिया जिलाक फारबिसगंज थाना क्षेत्र सँ पुलिस आ एसटीएफ के टीम दू कुख्यात अपराधी आशीष पासवान आ मोहम्मद सरफराज के गिरफ्तार कयलक अछि। दुनू पर जिलाक कतेको थाना मे मामिला दर्ज अछि।

———————————————————————————

खगड़िया जिलाक गंगौर थाना क्षेत्र मे पछिला दिन अवैध हथियारक संग फायरिंग करबाक मामिला मे पुलिस एक युवक प्रियांशु कुमार के गिरफ्तार कयलक अछि। एक आन आरोपी के गिरफ्तारी के लेल छापामारी जारी अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।